

# **CONFERENCE DES EVEQUES CATHOLIQUES DU BURUNDI**

## **Secrétariat Général**

### **IJAMBO RISHIKIRIJWE N'INAMA Y'ABEPISKOPI GATOLIKA B'I BURUNDI RYO GUKABURIRA ABAKRISTU UMUTIMA WO KUMENYESHA UPUTUMWA BWO GUKWIZA HOSE INKURU NZIZA**

#### **« Uwabatijwe wese ni umutumwa »**

Bavukanyi mwese dusangije ukwemera, turabaramukije tuti : «Sangwe amahoro ya Yezu Kristu, Umumisionari wa Mana Data». Turabipfurije kandi gukabura muri mwebwe umwete wo kumenyesha Inkuru Nziza ngo Kristu amenyekane hose.

#### **Intangamarara**

1. Uku kwezi kw'icumi kw'uyu mwaka, ni ukwezi kudasanzwe kwo kumenyesha Inkuru Nziza, kwashinzwe n'Umuvyeyi wacu Papa Fransisko ngo duhimbazanye akanyamuneza Yubile y'imyaka ijana iheze Papa Benedigito wa 15 yanditse ikete ntibagirwa ryiswe « Ubutumwa buhambaye cane<sup>1</sup> », ryerekeye ukumenyesha Inkuru Nziza. Mu ntango rero z'uku kwezi, twebwe Abungere banyu twashinzwe kubandanya igikorwa c'Abatumwa, tuzanywe no kubasaba ngo twese twitabe ako kamo Umuvyeyi wacu Papa adulera, tugendere ibatisimu yacu mu kwitanga ngo Inkuru Nziza imenyekane hose, tugire mbere n'abo turungitse benshi kuyimenesha abatarayimenya.

#### **« Inkuru Nziza y'akanyamuneza kenshi ku bantu bose » (*Luka 2,10*)**

2. Inkuru Nziza dutegerejwe kumenyesha abantu bose si inkuru mbarirano, ariko tuyibamenyesha dushinga intahe nka Yohani Umutumwa tuti : « Ico twumvise, ico twabonye n'amaso yacu, ico twihweje n'iminwe yacu ikagikorakora, cerekeye Jambo nyene ubuzima [...] turakibamenyesheje namwe kugira ngo namwe musangire natwe [...], akanyamuneza kacu kuzure » (*1 Yohani 1, 1....4*).
3. Akanyamuneza kacu kuzura kuko abo twamenyesheje Inkuru Nziza bakayakira, baba baronse urukiza. Nkako iyo Nkuru Nziza ni Yezu « Manirakiza » (*Matayo 1,21*). Ni we nzira ishikana ku gahimbare nyakuri. Uwumumenye wese, akamwemera kandi akamukurikira, arakira kuko « nta rindi zina abantu bahawe ryagenewe kudukiza » atari Yezu (*Ibikorwa vy'Abatumwa 4,12*). Ng'iyo rero Inkuru Nziza mu bantu: « Imana irakiza kandi yaraje kubana natwe». « Naho yamyeho muri kamere y'Imana, ntiyigeze yihambirira ku kungana n'Imana, ariko yigize ubusa afata kamere y'abasuku. Mu kwigira

---

<sup>1</sup> *Maximum Illud.*

umuntu asa n'abandi yigenjeje nk'umuntu asanzwe, aricisha bugufi, aragamburuka gushika apfe, kandi apfa urupfu rwo ku musaraba » (*Abanya filipi* 2, 6-8). Yarapfuye arahambwa, ariko umunsi ugira gatatu yarazutse, gurtyo yerekana ko atsinze inabi yose n'urupfu. *Amaze imisi* yiyereka abiwe, yaruriye mw'ijuru mu buninahazwa bwa Mana Data, araheza abarungikira Mutima Mweranda yabungiye ubumwe na We, agatuma batsinda uwomba bagatangura gushingira intahe urupfu n'izuka vyiwe. Nkako, imbere yuko aduga mw'ijuru yari yababwiye ati : « muzoronka ubukomezi Mutima Mweranda azobazanira, muheze rero muje kumbera ivyabona i Yeruzalemu no mu Buyudeha bwose, no muri Samariya, mugarukire iyo isi igarukira » (*Ibikorwa vy'Abatumwa* 1, 8). Yasize rero arungitse abari bamaze kumumenya ngo bakwire isi yose, bamenyeshe iyo Nkuru Nziza, maze aze agaruke asanga abantu bose baramumenye, naho bokwanka kwakira urukiza rwiwe.

### **Abamumenye abatuma kumumenyesha abandi**

4. Kuva ku Batumwa bambere, abamumenye bakamwemera, barashwaye amakungu bigisha Inkuru Nziza. Akatari gake barahamwa, bakankwa, bagakubitwa, bakicwa. Ariko bagumana umwete, umwizeronka n'agahimbare vyo kuba intumwa z'urukiza bakaremeshwa na rya jambo ryiwe ngo: «kw'isi muzoronka amakuba, ariko mugumye umutima natsinze isi » (*Yohani* 16,33) hamwe na rya rindi ngo « muzobabara ariko umubabaro wanyu uzohinduka akanyamuneza » (*Yohani* 16,20).
5. Na hano iwacu barahashitse, baramenyesha Inkuru Nziza, abayakiriye babagira abayoboke n'abagendanyi ba Yezu. Mugabo n'aha nyene ntiborohewe. Baratandukanye n'imiryango yabo baza batazi iyo bagiye, batazi ko bashika, batazi ivyo bahasanga, batazi n'uko bazosubira kubonana n'ab'iwabo. Nta materefone bari bafise nk'uyu munsi, nta ndege bazamwo nk'uyu munsi, nta buhinga bwo kuvura nk'ubw'uyu munsi bwariho. Abatari bake bararwaye barapfa, abandi baribwa n'ibikoko, abandi barasomye nturi mu mazi y'inzuzi n'ibiyaga bacamwo mu bwato, abandi barishwe. Aho hose nta kindi barondera atari ukurangura itegeko ry'Umukama yahaye Abatumwa ati: « Kwire isi yose mushikirize Inkuru nziza ikiremwa cose » (*Mariko* 16, 15). Nta matungo bari baje kurondera, nta ntara bari baje kwigarurira. Bari baje kudutungisha izina rya Yezu rikiza, no kutwinjiza mu gihugu c'ab'Imana. Nta kindi cabagenza ndetse urukundo n'impuhwe bari bafitiye zina muntu na cane cane uwutari bwamenye Umukiza wiwe.
6. Turashimira cane izo ntwari, zatugize abigishwa n'abagendanyi ba Yezu mu kutumenyesha Inkuru Nziza yiwe, mu kutwigisha ukwemera n'amabwirizwa y'Imana, mu kudutegurira amasakaramentu, no mu kutwigisha gushingira intahe urukundo rwa Kristu . Turashima kandi uruhara rushimishije bagize mw'iterambere n'imibano na cane cane mu kwubaka amavuriro, amashure, amabarabara n'amasengero. Turashima igikorwa bakoze co kwiga ururimi, imico n'imigenzo vyacu kugira babimenye natwe batumenye, babitosore, babikirurutse kandi banabitez imbere. Egome hari ivyabasovye, kuko nabo ntibari bazi vyose. Hari ivyo batashoboye kuko nabo bari magara make. Hari ivyo

batashitseko kuko nabo bari bafise aho bagarukira. Aha rero, aho kuhabona amanegurwa, nituhabone ubutumwa bwacu. Kukaba nkako, ntibaje ngo badukorere twicaye kandi ntibaje ngo badukoreshe bicaye, baje gukorana natwe kugira ngo barangije, natwe dushishikare ikivi kw'isemo nziza baduciriye. Gurtyo urugendo rwabashikanye iwacu, natwe rudushikane mu bihugu vy'abataramenya Umukiza Yezu Kristu.

7. Inkuru Nziza ya Yezu twamenyeshejwe kandi dutumwe kumenyesha ntihinduka, kuko « uko yari ari ejo n'uyu munsi niko akiri, niko azokwama imyaka yose » ( *Abaheberekereyi* 13,8). Arikò intara, ibihe, imico, imigenzo n'iviyiyumviro vy'abantu birahinduka eka n'abo bantu nyene, barahinduka. Nico gituma tubwirizwa kwama tunagura ukuntu tumenyesha Inkuru Nziza. Iguma ari ya yindi arikò uko yamenyeshwa ejo, uyu munsi siko yomenyeshwa, uko tuyimenyesha aha siko twoyimenyesha hariya. Nico gituma, Umuvyeyi wacu Papa Fransisko aduhimiriza kunagura ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru Nziza mu bihe vya none, abanje kutwibutsa imvo n'imvano ya rya Kete ry'Ubutumwa bwo gukwiza hose Inkuru Nziza twavuga, ryanditwe na Papa Benedigito wa 15 kw'igenekerezo rya 30 Munyonyo 1919.

#### **Imvo n'imvano y'Ikete « Ubutumwa buhambaye cane», rya Papa Benedigito wa 15**

8. Hari inyuma y'Intambara ya mbere y'isi yose. Ico gihe, abamisiyonari bava mu gihugu c'Ubudagi catsinzwe, barinubwa mu bihugu vyaganzwa n'abatsinze intambara. Mu bamisiyonari bamwebamwe haribonekeje agatima ko kurutisha inyungu z'ibihugu vyabo ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru Nziza. Ivyo vyarababaje cane Papa Benedigito wa 15, vyiyongera ku mwitwarariko yari asanganywe ku vyerekeye akazoza k'ama Ekleziya mashasha, aho abigisha Inkuru Nziza b'imvukira (Abasaseredot ) bari ku rushi, na bo nyene bakaba ata ruhara na ruto bari bafise mw'itunganywa ry'Ekleziya iri iwabo, bakongera bagafatwa nk'abana batarakura. Muri ico gihe, nta n'Umwepiskopi n'umwe w'imvukira yari bwatorwe muri ayo ma Ekleziya mashasha.
9. Ivyo biri mu vyatumye Papa Benedigito wa 15 yandika iryo Kete yise « **Ubutumwa buhambaye cane**», aryerekeza ubwambere ku barongoye abandi mu butumwa bwo gukwiza hose Inkuru Nziza, arikò atibagiye abamisiyonari ubwabo n'abakristu bose, ngo abakaburire umutima wo kwitanga ngo Inkuru Nziza ya Yezu Kristu imenyekane hose nk'uko iri. Ico yahereyeko kwabaye ukwibutsa ko ubutumwa Yezu Kristu yahaye Petero Mweranda na bagenziwe bw'ukugenda bakigisha abantu bose, bahereye i Yeruzalem gushika n'iy'isi igarukira, butaheranye n'uko abo bitavye Imana. Ni ubutumwa bubandanya gushika ku muhero w'isi. Ekleziya aho iri hose, ibereyeho ukumenyesha Inkuru Nziza. Ni ko karangamutima kayo.
10. Abagiye kumenyesha Inkuru Nziza mu makungu na bo abasaba kwirinda kuvanga canke kwitiranya inyungu z'ibihugu baje bavamwo n'ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru Nziza. Arababwira ati: « Icabazanye si ugukwiza hose ubwami bw'abantu, arikò icabazanye ni ugukwiza hose ubwami bw'Imana ...Ntimwaje kurondera abantu mwinjiza mu gihugu co

ngaha kw'isi, ariko mwaje kwegeranya abantu mwinjiza mu bwami bw'ijuru ». Aca agirako asaba ko abamenyesha Inkuru Nziza bose borangwa n'ubweranda hamwe n'ibikorwa vyiza, abakristu bose b'abagatolika na bo bakabashigikiza igisabisho n'uburyo.

11. Ikindi asaba abajejwe ubutumwa bw'abamisiyonari, ni ukuvuga Abepiskopi n'Abakuru b'Imiryango y'abamisiyonari, ni ugusenyera ku mugosi umwe, abegeranye bakaza baraja inama kandi bagafashanya mu gikorwa c'ugukwiza hose Inkuru Nziza. Arongera akabahimiriza gutegurira abasaseredot b'imvukira gufata mu minwe itunganywa rya Ekleziya y'iwabo, na none umutumwa w'Inkuru Nziza azi neza inyifato, imvugo, imico n'imigenzo y'abo ayimenesha, ni we aheza akamenya kubafasha gushikana umwambiro wayo mu biranga ubuzima bwabo bwose. Arabasaba kandi gukabura mu rwaruka rw'imvukira umuhamagaro wo kumenyesha Inkuru Nziza. Iyo nyigisho ya Papa Benedigito wa 15 ni yo Umuvyeyi waca Papa Fransisko afatirako agatumirira abakristu bose « gutera iyindi ntambwe yo kumenyesha Inkuru Nziza »<sup>2</sup>.

### **Dutere iyindi ntambwe mu kumenyesha Inkuru Nziza**

12. Uwo Muvyeyi Papa, yihweje ibihe tugezemwo bigitabagurwa n'intambara, asanga mu vy'intwaro n'imibano y'abantu, hakiraho ugushaka gucanishamwo abantu gufatiye ku budasa bwabo, hamwe n'ugutera amahane mu bantu. Muri Ekleziya asangayo ukwiyugaranira mu vyo tumenyereye, muri ivyo hakabamwo indinganizo n'ingendo zinigira mu menshi ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru Nziza. Nico gituma asaba ko Ekleziya isohoka, ikava mu mazu, ikajabuka imbiye z'abasangije ukwemera n'iviyumviro, z'intara n'ibihugu; maze ubutumwa bukugurukira bose, bugashwara hose na bose imisi yose<sup>3</sup>. Kukaba nkako, kw'isi haracari abantu benshi bagikeneye kwerekwa no kumenyeshwa urukundo Imana ibakunda. Muri Ekleziya rero hakenewe igisharara gishasha, ishaka rishasha n'umwizeru mushasha, mu butumwa bwo kwigisha Inkuru Nziza. Harakenewe abigisha Inkuru Nziza banywanye na Kristu, barangwa n'ubweranda n'umwitwarariko w'ubutumwa. Harakenewe ukwivako ntitugume twizigitirira ku vyo tumenyereye ariko twerekeze amaso ku bandi, twitwararike ko bose bashikirizwa kandi bahindukirira na ntaryo Inkuru Nziza. Umuvyeyi Papa nyene aratwigisha ati: « Kumenyesha Inkuru Nziza ni igikorwa c'uwabatijwe wese, tutaravye ubutumwa afise muri Ekleziya canke urugero rw'ubumenyi mu kwemera kwiwe. Amaze guhura na Kristu, agacakamirwa n'urukundo rwiwe, uwabatijwe aca aba "umuyoboke n'umugendanyi atumwe ku bandi"»<sup>4</sup>.

<sup>2</sup> Ikete rya Papa Fransisko "Evangelii Gaudium", n.1.

<sup>3</sup> Raba Ikete rya Papa Fransisko "Evangelii Gaudium", n.27

<sup>4</sup> Ikete rya Papa Fransisko "Evangelii gaudium", n. 120.

**« Noba ndarwiciriye ntamenyesheje Inkuru Nziza » (1 Abanyakorenti 9,16)**

13. Muri iri jambo rero, twebwe Abungere banyu, turabateye akamo mwese ngo mukure hasi tugendere iryo teka. Abaje kutumenyesha Inkuru Nziza igikorwa cabo barakiranguye. Ubu ni twebwe dutegerezwa gutsimbataza Inkuru Nziza ya Yezu Kristu mu buzima bw'Abarundi, tugakuza kandi tugashitsa mu bigero Ekleziya. Turakenguruka ko Ekleziya yacu imaze kurungika bamwe mu bana bayo kumenyesha Inkuru Nziza mu makungu. Ariko nitwumve ko dutegerejwe kwongereza igitigiri c'abo turungika kumenyesha Inkuru Nziza mu makungu, tugabiye gushigikiza ubutumwa bwabo uburyo n'igisabisho. Erega ico ni kimwe mu vyerekana ko Ekleziya igeze mu bigero aho iri hose. Turabatumiriye rero mwese gushigikira ibikorwa vya Papa vyo kumenyesha hose Inkuru Nziza ya Yezu Kristu : Igikorwa ca Papa co gukwiza hose iyo Nkuru nziza, Igikorwa ca Papa c'Imikangara y'Imana, Igikorwa ca Papa citiriwe Petero Mweranda Umutumwa hamwe n'Igikorwa ca Papa c'urunani rw'Abasaseredoti n'Abihebeyimana bamenyesha Inkuru Nziza hose. Ivyo bikorwa uko ari bine, ni inkingi zo gukabura no gushigikira umutima wo kwitanga ngo iyo Nkuru Nziza imenyekane hose.
  
14. Nk'uko Umuvyeyi wacu Papa yabitubwiye mw'Ijambo ry' Umunsi Mpuzamakungu wo kumenyesha Inkuru Nziza kw' isi yose w' 2016, « Abantu bose n'imico yose, barafise uburenganzira bwo kwakira Ijambo ry'urukiza, ingabirano y'Imana kuri bose. Ico kirahambaye iyo turavye akarenganyo, intambara n'ibibangamiye abantu birindiriye gutorerwa umuti muri kino gihe. Abamenyesha Inkuru Nziza baratahura neza ko Inkuru Nziza y'ikigongwe ishobora kuzana akanyamuneza, gusubiza hamwe, ubutungane n'amahoro. Ubutumwa bwa Yezu: « *Genda rero mugire abigishwa bo mu ma kungu yose, mubabatize kw'izina rya Data, n'iryा Mwana, n'iryा Mutima Mweranda, mubigishe kuzigama ivyo nabategetse vyose* » (Matayo 28,19-20), ntiburbarangira. Mu bisanzwe ubwo butumwa buturaba twese, mu rukurikirane rw'ingorane n'ibibazo vya kino gihe, dusabwa kwiyumvamwo ko twahamagawe nk'abanaguriwe gusohoka kumenyesha Inkuru Nziza »<sup>5</sup>.

### **Ugusozerwa**

15. Twirinde rero kuba abarorerezi, ahubwo tumenyeshe Inkuru Nziza abantu bose turi kumwe n'Umuvyeyi Bikira Mariya, Nyenyeri iboneshereza abamenyesha Inkuru Nziza, akaba n'Umugabekazi w'abatumwa kuko niryo teka twagabanye mw' Ibatisimu twahawwe.

Bigirwe I Bujumbura, ku wa 13 Nyakanga 2019.

Abungere banyu.

\*Iri Jambo rizosomwa icese ku munsi w'Imana, igenekerezo rya 29 Nyakanga 2019.

<sup>5</sup> Ijambo rya Papa Fransisko ryo ku Munsi mpuzamakungu wo kumenyesha Inkuru Nziza 2016.

## **Abungere b'Ekleziya gatolika y'i Burundi :**

\* Yohakimu NTAHONDEREYE  
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Muyinga akaba n'Umukuru w'Inama  
y'Abepiskopi gatolika b'i Burundi

*[Signature]*

11  
11

✉ Bonaventura NAHIMANA  
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Rutana akaba n'Icegera c'Umukuru w'Inama  
y'Abepiskopi gatolika b'i Burundi

*J. H. Müller*

*J. Baum*  
mwepiskopi

\* Gerevazi BANSHIMIYUBUSA  
Umwepiskopi Mukuru wa Diyoseze Nkuru ya Bujumbura akaba n'Umwepiskopi  
ahagarariye Papa muri Diyoseze ya Ngozi

\* Yohani NTAGWARARA  
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Bubanza



\* Venansi BACINONI  
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Bururi

+ ~~Hausmeister~~

\* Buraziyo NZEYIMANA  
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Ruyigi

*[Signature]*

\* Joriji BIZIMANA

anza